

# KONPAREZON VAKSEN COVID-19 YO



Se Divizyon Sante Piblik Delaware a ki bay enfòmasyon sa yo sou baz enfòmasyon ki pi resan konsènan vaksen pou COVID-19 yo ki disponib kounyeya.

Touletwa vaksen yo genyen ti diferans ant yo, men yo tout te pwouve yo efikas (100%) menm jan pou anpeche moun entène lopital ak pou evite lanmò akòz COVID-19. Yo kreye tablo sa a pou ede w konprann kijan vaksen yo aji ak kijan yo te devlope yo. Li enpòtan pou konnen ke okenn nan vaksen pou COVID-19 yo pa enfekte w avèk viris vivan an. Pou ede kò ou konbat viris la, yo estime pwodiksyon antikò.

	MODERNA	PFIZER	JOHNSON & JOHNSON
<b>Kijan li fonksyone</b>	ARNm*	ARNm*	Abaz Adenoviris**
<b>Kijan ou pran l</b>	De dòz, 28 jou entèval*	De dòz, 21 jou entèval*	Yon dòz
<b>Limit laj</b>	Dwe genyen 18 lane oswa plis	Dwe genyen 16 lane oswa plis	Dwe genyen 18 lane oswa plis
<b>Konbyen moun ki te teste l</b>	30,000 volontè Ozetazini an, nan tout gwoup ras	43,000 volontè nan sis peyi, nan tout gwoup ras	43,000 volontè nan uit peyi, nan tout gwoup ras
<b>Ak ki efikasite li pwoteje</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 100% efikas pou anpeche lanmò ak entène lopital</li> <li>• 100% efikas pou anpeche maladi grav</li> <li>• 94.1% efikas pou anpeche moun ki prezante sentòm COVID-19 yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 100% efikas pou anpeche lanmò ak entène lopital</li> <li>• 99% efikas pou anpeche maladi grav</li> <li>• 95% efikas pou anpeche COVID-19 ki gen sentòm</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 100% efikas pou anpeche lanmò ak entène lopital</li> <li>• 85% efikas pou anpeche maladi grav</li> <li>• 72% efikas Ozetazini pou anpeche COVID-19 ki varye ant modere ak grav</li> </ul>
<b>Konbyen tan anvan pwoteksyon an kòmanse aplikab</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kèk pwoteksyon 10 jiska 14 jou aprè premye dòz la</li> <li>• Pwoteksyon konplè de semèn aprè dezyèm dòz la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kèk pwoteksyon 10 jiska 14 jou aprè premye dòz la</li> <li>• Pwoteksyon konplè yon semèn apre dezyèm dòz la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kèk pwoteksyon 14 jou aprè vaksen an</li> <li>• Pwoteksyon konplè nan 28 jou</li> </ul>
<b>Pandan konbyen tan yo ka konsève vaksen yo epi nan ki tanperati</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• -4 degre Fahrenheit, jele jiska dat ekspirasyon an**</li> <li>• 35.6 jiska 46.5 degre Fahrenheit, nan frijidè pou jiska 30 jou</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• -94 degre Fahrenheit, iltra-jele jiska dat ekspirasyon an**</li> <li>• -4 degre Fahrenheit, jele pou jiska de semèn**</li> <li>• 35.6 jiska 46.5 degre Fahrenheit, nan frijidè pou jiska 5 jou</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• -4 degre Fahrenheit, jele pou jiska dezan oswa jiska dat ekspirasyon an**</li> <li>• 35.6 jiska 46.5 degre Fahrenheit, nan frijidè pandan jiska twa mwa</li> </ul>

\* ARNm: Vaksen pou COVID-19 sa yo bay selil yo kòmandman pou fè yon moso ki san danje nan sa yo rele "pwoteyin Spike" la, ke ou jwenn sou sifas viris ki lakòz COVID-19 la. Pou sistèm iminitè nou reyaji, li fabrike antikò pou pwoteje kont enfeksyon. Pwoteyin spike la fonn epi apres a li disparèt.

\*\* Yo antre yon ti moso materyèl jenetik ki soti nan kowonaviris la nan yon vèsyon febli yon viris rim òdinè ki rele yon adenoviris. Pou sistèm iminitè a reyaji, li chanje sistèm alam selil yo pou aktive selil iminitè ki toupre yo. Selil iminitè yo detekte pwoteyin anwayisè COVID-19 yo pou konbat enfeksyon an.

\* Si li pa posib pou respekte entèval dòz yo, CDC deklare ou ka tann jiska 42 jou pou ou resewa dezyèm dòz la.

\*\* Yo pa kapab jele vaksen an ankò yon fwa li deja deglase.